

DESTIRE PÈSEKISYON NAN LARI

Youn nan Gid Resous Vil New York

2023



Prevansyon
Pèsekisyon nan Lari
Vil Nouyòk
Komite Konsiltatif

NYC
Mayor's Office to
End Domestic and
Gender-Based Violence

NYC
COMMISSION ON
GENDER EQUITY

nyc.gov/endgbv
nyc.gov/genderequity

Sa ki nan Dokiman an

Kisa ki pèsekisyon nan lari a, e Kijan li kapab afekte mwen? 2

Kisa mwen kapab fè tousuit si mwen ta viktim pèsekisyon nan lari? 3

Kisa mwen kapab fè tousuit si mwen wè yon moun ap viktim pèsekisyon an piblik? 5

Ki kote mwen ka jwenn sipò aprè mwen fin sibi yon pèsekisyon nan lari 6

Kijan mwen ka ede anpeche pèsekisyon nan lari? 9

Kijan mwen ka rapòte pèsekisyon oswa diskriminasyon? 13

Kisa ki pèsekisyon nan lari a, epi kijan li kapab afekte mwenn?

Pèsekisyon nan lari se yon fòm vyolans ki komen nan lemond antye ki jwenn rasin li nan divès fòm ak metòd opresyon.

Nan Vil Nouyòk, nou defini pèsekisyon nan lari tout deklarasyon, jès oswa lòt konpòtman endezirab oswa derespektan, ki ofansif oswa ki menase yon moun an piblik ki baze sou laj egzak moun nan oswa laj li sanble genyen an, ras, peyi doriijin, idantite sèksyèl, ekspresyon sèksyèl, andikap, oryantasyon seksyèl, oswa nenpòt lòt karakteristik, estati oswa eta.

Pèsekisyon nan lari nui moun nan koze laperèz, anksyete, ak mefyans epi nan limite depasman moun yo. Li kapab tou afekte kominote yo an antye: lè moun yo pa santi yo an sekirite nan espas piblik yo, yo gen mwens angouman pou pase tan deyò oswa patisipe nan aktivite an gwoup.

Paske pèsekisyon nan lari souvan fèt sou manm gwoup istorikman oprime yo, li fè plis mal sou gwoup sa yo, tankou fanm ak tifi, transjan, moun ki pa konfòme ak okenn sèks, moun ki pa binè, ak/oswa entèseksyèl (TGNCNBI), madivin, masisi, biseksyèl, oswa moun efemine oswa maskilènize (LGBQ), moun Nwa, Latino, ak Azyatik, moun Mizilman, ak moun ki andikape.

Nan Vil Nouyòk, pèsekisyon nan lari gaye toupatou, e nou tout gen yon wòl pou nou jwe nan desitire li. Gid resous sa a devlope pou sipòte Nouyòkè yo aprann plis sou fason pou yo desitire, san danje, pèsekisyon nan lari epi sipòte tèt yo ak lòt moun ki bò kote yo apre yon ensidan pèsekisyon nan lari.

Kisa mwen ka fè tousuit si mwen viktim pèsèkisyon nan lari?

Si yo anmède w an piblik, sonje se pa fòt ou epi nenpòt jan ou reyaji bon, tankou pa reponn ditou. Malgre ou pa oblije poze okenn aksyon, si ou santi ou an sekirite e w kapab, ou ka konsidere nenpòt nan estrateji sa yo:

Deplase ale yon kote ki an sekirite

Si ou kapab, rantrè nan yon biznis lokal, magazen, restoran kafe, espas resepsyon yon bilding, oswa nenpòt lòt kote piblik kote ou ka jwenn èd. Si oumenm ak moun k ap anmède w la se sèl moun ki nan yon bis oswa yon tren, chita toupre chofè a oswa deplase pou w ka lwen moun nan.¹



Egzije Pou Moun Nan Rete Nan Limit Li

Tabli yon limit kote w ap di moun k ap anmède w la pou li sispann sa li ap fè a epi ekate w. Fikse moun nan dwat nan je, pale fèm, epi di yo sa ou vle ak pou kisa, pa egzanp: "Pa pale avèk mwen konsa, se pèsèkisyon sa ye. Ekate w sou mwen, oswa "Se pèsèkisyon w ap fè sou mwen la, mwen pa dakò."²



1 [https://www.rainn.org/articles/street-harassment#:~:text=HOPE%20\(4673\)%20or%20chat%20online,5910%20or%20through%20online%20chat](https://www.rainn.org/articles/street-harassment#:~:text=HOPE%20(4673)%20or%20chat%20online,5910%20or%20through%20online%20chat).

2 <https://righttobe.org/guides/how-to-respond-to-public-harassment/>

Mande sekou moun k ap pase

Mande sekou pandan w ap di byen fò sa moun k ap anmède w la di oswa fè, pa egzanp: "Nèg ak mayo ble sa a ap plede suiv mwen. Pote m sekou!" Epi di moun yo kisa ou vle yo fè pou ou, pa egzanp: "Èske nou ka tann avèk mwen? Èske nou ka travèse wout la avèk mwen?"³



Anrejistre Evenman an

Sèvi ak telefòn ou oswa mande yon moun ki tou pre pou anrejistre moun k ap anmède w la, epi pran enfòmasyon pou idantifye nou. Si ou vle, ou ka itile anrejistreman an pou rapòte ensidan an oswa pou pataje istwa ou sa a sou rezo sosyal oswa ak rezo sipò yo.⁴



Mande Asistans an Ijans

Rele 911 si oumenm oswa lòt moun an danje lamenn. Sonje sa a ap fè lapolis entèveni.



³ <https://msmagazine.com/2014/12/09/how-do-you-respond-to-street-harassment-here-are-some-suggestions/>

⁴ <https://plan-international.org/girls-get-equal/how-to-handle-catcallers/>

Kisa mwen kapab fè tousuit si mwen wè yon moun ap viktim pèsekisyon an piblik?

Si ou wè yon moun ap viktim pèsekisyon nan lari, e ou santi ou an sekirite ase pou ou entèveni, ou ka itilize youn nan [Right To Be's 5Ds of Bystander Intervention](#):⁵

FÈ DIVÈSYON

Adrese lapawòl dirèkteman ak moun ki ap sibi pèsekisyon an epi pale de yon bagay ki pa gen okenn rapò ditou ak pèsekisyon an. Inyore moun ki t ap fè pèsekisyon an.

DELEGE

Mande yon moun ki tou pre, ki ta ka gen otorite nan espas la, pou ede w entèveni. Di yo klèman sa ou ta renmen yo fè.

DOKIMANTE

Anrejistre oswa pran nòt, men se sèlman si yon moun deja ap ede moun ki ap viktim pèsekisyon an. Toujou mande moun ki konsène a kisa ou li vle pou ou fè ak anrejistreman oswa nòt ou pran yo.

AJISTEMAN

Menm apre pèsekisyon, ou ka ede yon moun lè w kontakte yo pou pran nouvel yo, mande si yo anfòm, oswa si gen nenpòt bagay ou ka fè pou sipòte yo.

DIRÈK

Apre w fin asire w an sekirite epi byen verifye ou pa pral aggrave sitiyasyon an, reponn dirèkteman pandan w ap nonmen ki konpòtman ki pa apwopriye a epi konfwonte moun k ap fè move aksyon an.

RIPÒS AK PREVANSYON KONT PÈSEKISYON ANDEYÒ VIL NOUYÒK

Kijan Buenos Aires, Ajantin riposte kont pèsekisyon nan lari?

Yon moun ki te komèt pèsekisyon nan lari dwe fè sèvis kominotè tribinal egzije. Gouvènman lokal la tou te mennen yon kanpay sansibilizasyon piblik an 2018.

SOURCE: <https://www.bbc.com/news/world-latin-america-38252462>

5 <https://righttobe.org/guides/bystander-intervention-training/>

Ki kote mwen ka jwenn sipò apre mwen fin viktim pèsèkisyon nan lari?

Konsekans pèsèkisyon nan lari a kapab alafwa kout epi alontèm, epi li ka pote enkyetid ak depresyon, santi mwens konfyans ak koneksyon nan kominote a, epi evite sèten espas piblik oswa ale poukont yo, ak anpil lòt bagay toujou. Si oumenm, oswa yon moun ou konnen, se yon viktim pèsèkisyon, gen èd ki disponib.

Chèche sipò, tankou akonpayman sikolojik ak sèvis defans enterè moun

Projè Anti-Vyolans (AVP) avp.org

Misyon AVP se pou pèmèt madivin, masisi, biseksyèl, tranjan, moun efemine oswa maskilize (LGBQ) ak kominote moun ki afekte ak VIH yo ak alye yo pou sispann tout fòm vyolans nan òganizasyon ak edikasyon, epi sipòte viktim yo atravè akonpayman sikolojik ak defans enterè moun nan.

- **Chèche Sipò** avp.org/gethelp/getsupport

AVP bay sèvis kliyan dirèk bay moun LGBTQ, moun ki gen VIH ak sivivan tout fòm vyolans nan Vil Nouyòk, tankou atravè liy dirèk, akonpay sikolojik, defans enterè moun, gwoup sipò, ak sèvis jiridik li yo.

- **Liy Dirèk AVP: Rele oswa Ekri 212-714-1141.** Liy dirèk entèvansyon pou kriz 24/24, 7/7, gratis, kote gen volontè ki resevwa fòmasyon ak konsèy/defansè pwofesyonèl pou ofri sipò pou moun LGBTQ ak viktim ki afekte pa VIH yo ak sivivan nenpòt kalite vyolans.

Liy Dirèk Nasyonal Pèsèkisyon Nan Lari hotline.rainn.org/ssh-en

- Yon sèvis konfidansyèl gratis ki bay èd dirèk ki gen ladan sipò emosyonèl, konsèy sou fason pou fè fas ak moun k ap anmède yo, ak enfòmasyon sou dwa ou genyen yo atravè telefòn oswa mesaj sou entènèt. Liy dirèk la disponib pou nenpòt moun ki te fè eksperyans pèsèkisyon ki baze sou sèks yo an piblik oswa pou moun ki gen enkyetid pou yon moun ki te fè yon eksperyans konsa oswa ki ap viv li.

- **Monte sou liy dirèk la sou Entènèt** sou hotline.rainn.org/ssh-en

- Kontakte liy dirèk la nan telefòn sou **855-897-5910**



NYC Well nyc.gov/nycwell

- NYC Well mete Nouyòkè yo an kontak ak yon sipò gratis epi konfidansyèl nan domèn sante mantal 24/7. Ou ka pale ak yon akonpanyatè nan telefòn, voye tèks oswa tchat epi gen aksè nan sèvis sante mantal la nan plis pase 200 lang. Rele nan **1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355)**, voye yon sms ki di "WELL" bay **65173**, oswa [tchat anliy ak yon akonpanyatè konnya menm](#).

nycwell.cityofnewyork.us/en/get-help-now/chat-with-a-counselor-now



Safe Horizon safehorizon.org

Kòm pi gwo ajans òganizasyon ki bay sèvis san lajan pou viktim nan peyi Etazini, Safe Horizon ofri bon jan sipò ak konpasyon bay sivivan yo ak fanmi yo. Safe Horizon ofri akonpayman, pwogram kominotè, chèlètè, plan sekirite, defans devan lajistis, ak plis toujou, epi yo asiste nan tout lang.

- [Ale sou safehorizon.org](#) oswa rele:
 - Liy Dirèk pou Vyolans nan Kay: **1-800-621-ESPWA (4673)**
 - Asistans nan kad vyòl oswa agresyon seksyèl: **1-212-227-3000**
 - Liy Dirèk nenpòt krim: **1-866-689-ÈD (4357)**



lin6 lin6.org

misyon lin6 se ede gason ki te fè eksperyans seksyèl endezirab oswa abizif mennen yon lavi pi an sante, pi kontan.

- **lin6 Gwoup Sipò** supportgroup.lin6.org
Gwoup sipò gratis, konfidansyèl, anonim, ak konseye pou moun ki idantifye kòm gason. Gwoup yo fonksyone Lendi rive vandredi.

Pataje Istwa w

Pataje istwa ou a ak yon moun oswa yon òganizasyon ou fè konfyans ka itil nan gerizon ou apre yon eksperyans pèsekisyon, oswa konekte ou ak lòt moun ki te fè menm eksperyans lan.



Catcalls of NYC catcallsofny.com

Òganizasyon ki sèvi ak atizay ki fèt ak lakrè epi ki piblik pou ogmante nivo konsyantizasyon sou pèsekisyon nan lari ki baze sou sèks moun kote li mande kote istwa pèsekisyon yo rive, epi ekri kòmantè yo pa mwayen lakrè ak **#stopstreetharassment** la (sispannpèsekisyon), epi poste imaj yo sou **kont rezo sosyal Catcall of NYC yo** instagram.com/catcallsofny.

- **Mete kreyativite nan Istwa ou a**

catcallsnyc.com/share-your-story

Catcalls of NYC ankouraje pateje yon eksperyans pèsekisyon vèbal ak fizik nan lari avèk kreyativite, tankou atravè yon redaksyon pèsònèl, powèm, istwa kout, travay atistik, elatriye.



Dwa Pou Se

- **Pataje Istwa Ou** stories.righttobe.org

Enskri pou pataje istwa ou atravè sit entènèt Right To Be a, rantr nan yon kominote kote ou ka rakonte pwòp istwa w la epi sipòte lòt moun ki te pataje pa yo.

- **Fòmasyon Rezilyans** righttobe.org/resilience-training

Fòmasyon gratis, inèdtan (1), ki baze sou aprantisaj apati eksperyans ak entèaktif ki konsantre sou fason pou kreye pwòp fòs rezilyans ou lè l sèvi avèk metodoloji rezilyans Right To Be a: chita ak sila ki sanble w, kreye istwa ou, epi genyen lechwa.



Safecity safecity.in

Safecity se yon aplikasyon sou entènèt ki kolekte epi analize rapò anonim sou pèsekisyon ak vyolans seksyèl, ki idantifye modèl ak enfòmasyon kle.

- Telechaje aplikasyon mobil la [sou app store](#)⁶ oswa [Google play](#)⁷, oswa [itilize aplikasyon entènèt Safecity a](#)⁸ pou ou rapòte yon ka pèsekisyon nan Nouyòk.

RIPOÈ AK PREVANSYON KONT PÈSEKISYON ANDEYÒ VIL NOUYÒK

Kijan *Washington, DC* riposte kont pèsekisyon nan lari?

Te kreye yon Komite Konsiltatif Kominotè sou Pèsekisyon nan Lari epi te mennen yon kanpay sansibilizasyon piblik an 2019.

SOUS: <https://ohr.dc.gov/nostreetharassmentdc>

6 <https://apps.apple.com/in/app/safecity-app/id1281880382>

7 https://play.google.com/store/apps/details?id=com.safecity.android&hl=en_US&gl=US&pli=1

8 <https://webapp.safecity.in/>

Kijan mwen ka ede anpeche pèsekisyon nan lari?

Edike tèt ou sou pèsekisyon nan lari ak enpak li se premye etap pou anpeche li epi mete sou pye estrikti ki pèmèt plis sekirite nan kominote ou. Pèsekisyon nan lari kapab pran plizyè fòm. Konprann ki kote ak ki jan li rive ak ki moun li afekte ka ede w fè plis konsyantizasyon ak konsantre sou kominote ki afekte yo nan efò prevansyon. Anba a gen etap ou ka suiv pou aprann ak anpeche pèsekisyon nan lari:

Pran yon fòmasyon oswa rantre nan yon pwogram



Sant pou Edikasyon Kont Vyolans (safecity.in)

- **Fòmasyon pou Defansè** (caeny.org/upstander)

Fòmasyon gratis ki anseye zouti entèpèsone l pou anpeche, detounen epi ede geri apre zak vyolans nan kominote yo.



Tifi Anfavè Egalite Sèks (ggenyc.org)

- **Youth Centered Programs** (ggenyc.org/programs)

GGE ap dirije kat pwogram global ki santre sou jèn ki anrasinen nan jistis sosyal, aktivis ak defans pou pwòp tèt ou ak kominote a.



Malikah (malikah.org)

- **Fòmasyon Otodefans ak Entèvansyon kòm Pasan**

(malikah.org/trainings)

Fòmasyon sa yo anseye mouvman otodefans nan kad yon pwosesis gerizon kote patisipan yo gen kontwòl total sou sekirite ak espas yo.



Komisyen NYC sou Dwa Moun (NYC Commission on Human Rights)

(nyc.gov/cchr)

- **Fòmasyon Entèvansyon kòm Pasan**

(nyc.gov/site/cchr/community/bystander-intervention.page)

CCHR ak patenè li yo toujou fè Fòmasyon Entèvansyon kòm Pasan na lari.



Dwa Pou Se stopstreetharassment.org

- **Fòmasyon Entèkansyon kòm Pasan**

righttobe.org/bystander-intervention-training

Fòmasyon gratis sa a pral aprann ou kijan pou ede desitire pèsekisyon ak yon seri taktik senp epi san danje—5D yo.



Pwojè The RISE la innovatingjustice.org/programs/rise-project

- **Fòmasyon Entèkansyon Kòm Pasan**

Atelye ak fòmasyon gratis pou kominote yo ak jèn yo pou reponn ak anpeche vyolans.

Li sou pèsekisyon nan lari epi konprann dimansyon ak enpak li



INCITE! 2018 Bwochi sou Pèsekisyon nan Lari incite-national.org

- Bwochi⁹ ki soti nan INCITE! Women of Color Against Violence bay egzanp pèsekisyon nan lari ak rekòmasyon pou reponn san danje.



Biwo Prevansyon Krim Rayisman Vil Nouyòk (NYC Office for the Prevention of Hate Crimes): Krim Rayisman nyc.gov/ophc

- Sit entènèt Biwo pou Prevansyon Krim Rayisman yo¹⁰ afich definisyon yon krim rayisman, ak lyen ki mennen nan resous pou ede w aprann plis.



Plan International Rapò 2018: Pèsekisyon nan Lari – Se Yon Move Bagay plan-uk.org

- Plan International Wayom Ini pibliye rapò sa a¹¹ apati entèvyou avèk ti fi atravè Wayom Ini, kote yo prezante divès ti fi ki rapòte yo te fè eksperyans pèsekisyon nan lari ak tout enpak yo.

⁹ https://incite-national.org/wp-content/uploads/2018/07/6378_street_harass_pamphlet.pdf

¹⁰ <https://www.nyc.gov/site/stophate/resources/about-hate-crimes.page>

¹¹ <https://plan-uk.org/file/plan-uk-street-harassment-reportpdf/download?token=CyKwYGSJ>



STOP Street Harassment (Desitire Pèsekisyon Nan Lari)

stopstreetharassment.org

- STOP Street Harassment se yon ONG ki ap travay pou desitire pèsekisyon nan lari atravè rechèch, yon liy dirèk nasyonal, ak konpay konsyantizasyon.
- An 2019 yo te pibliye rapo **DESITIRE Pèsekisyon nan Lari: Kontwole Mwen Tou (#Me Too): Yon Etid Nasyonal Sou Pèsekisyon Seksyèl ak Agresyon**¹²

Travay nan kominote w la pou mete sou pye espas piblik ki an sekirite



Open Streets (Lari Lib) nyc.gov/openstreets

Pwogram Open Streets NYC la transfòme lari piblik yo an espas kominotè kote Nouyòkè yo ka kreye pwogram ak tabli lyen ak katye yo. Tout aktivite yo gratis epi ki aksesib pou tout moun **Open Streets Aplikasyon** yo toujou louvri.



Pwogram nan Espas Piblik nyc.gov/publicspaceprogramming

Òganizasyon vil Nouyòk yo ka itilize katalòg DOT la pou jwenn yon pakèt pwogram piblik aksesib pou zòn ak espas piblik yo.



Sispann Di Medam yo pou yo Sour stoptellingwomentosmile.com

Yon seri atizay atis **Tatyana Fazlalizadeh kreye** tlynnfaz.com ki abòde pèsekisyon nan lari ki baze sou sèks moun kote li mete desinen pòtrè epi mete kòmantè k ap pale dirèkteman ak delenkan yo nan espas piblik yo. **Afiche yo gratis epi ou ka pibliye yo** stoptellingwomentosmile.com/participate nan kominote, lekòl, oswa nan bilding kote w rete.



Street Seats nyc.gov/streetseats

Street Seats ofri yon fason pou nenpòt òganizasyon kominotè nan Nouyòk, biznis oswa enstitisyon pou kreye yon kote pou Nouyòkè yo chita ansanm an piblik.

¹² <https://stopstreetharassment.org/wp-content/uploads/2012/08/2019-MeToo-National-Sexual-Harassment-and-Assault-Report.pdf>

Fè konvèsasyon ak zanmi w ak fanmi w sou pèsekisyon nan lari, epi pataje resous sou fason yo ka vin alye



BetterBrave

betterbrave.org/allies

- Yon gid pou ankouraje moun vin alye, ki gen konsèy sou kijan pou poze aksyon, ak konsèy pou mennen yon aktivis chak jou. Lè yon moun ap asele w nan espas travay ou, resous sa a byen koresponn e menm ale pi lwen nan kijan pou fè alye menm andeyò espas travay la.



Se Pa yon Konpliman

itsnotacompliment.org/10-ways-tackle-street-harassment

- 10 fason pou atake pèsekisyon nan lari, sitou lanse dyalòg ki entèpele nòmalizasyon pèsekisyon nan lari ak fanmi w ak zanmi w.

RIPÒS AK PREVANSYON KONT PÈSEKISYON ANDEYÒ VIL NOUYÒK

Kijan Brisèl, Beljik riposte kont pèsekisyon nan lari?

Yon moun ki te komèt pèsekisyon nan lari dwe suiv twa seyans fòmasyon sou pèsekisyon seksyèl, epi komisè gouvènman an dwe enfòme lè yo te suiv yo.

SOURCE: <https://www.brusselstimes.com/179944/tackling-sexual-harassment-in-belgium-is-joint-responsibility-police-says>

Kijan mwèn ka rapòte pèsekisyon oswa diskriminasyon?

Vil Nouyòk gen lwa espesifik sou dwa moun ki anpeche diskriminasyon ki baze sou sèks, ras, etnisite, oryantasyon seksyèl, relijyon, oswa lòt karakteristik patikilye,¹³ epi tou lwa ak pwogram ki gen rapò ak anpeche krim rayisman.

Si yo anmède yon moun pou sèks li, ras, etnisite, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak pou lòt karakteristik patikilye, yo ka rapòte sa a nan biwo ki nan lis pi ba a.

Si w chwazi fè rapò, li enpòtan pou w sonje moun w ap pale avèk li a ka pa kapab ede w tousuit, oswa ditou. Pandan rapò a ka itil nan anrichi done ak konpreyansyon yon pwoblèm, li ka pa bon chwa a pou ou. Si se leka, ou ka eksplòre lòt resous ki nan lis nan dokiman sa a.



Komisyon NYC sou Dwa Moun (NYC Commission on Human Rights)

- o **Depoze yon rapò diskriminasyon**

itsnotacompliment.org/10-ways-tackle-street-harassment

Sèvi ak fòm sou entènèt sa a pou w depoze yon rapò sou diskriminasyon, kit ou vle angaje w nan yon plent ofisyèl ou pa.



Otorite Transpò Metwopoliten Vil New York (MTA) new.mta.info

- o **Kisa Pou W Fè Si W Wè Yon Krim Rayisman Nan Sistèm Transpò Nouyòk La**

new.mta.info/respect

Gid sou fason pou reponn oswa rapòte krim rayisman oswa menas ki baze sou patipri, oswa pèsekisyon ou temwen nan sistèm tren an, nan bis, sou Long Island Rail Road, ak Metro-North.



Biwo Prevansyon Krim Rayisman Vil Nouyòk (NYC Office for the Prevention of Hate Crimes):

- o **Gid Asistans pou Viktim Krim Rayisman**

nyc.gov/assets/stophate/downloads/pdf/hate-crimes-victims-guide-to-help.pdf

Kouvri plizyè fason pou rapòte yon krim rayisman nan vil Nouyòk, tankou enfòmasyon pou resevwa asistans pou viktim yo, ak òganizasyon kominotè ki bay sipò.

Daprè Lwa Lokal 46 2022, Biwo Majistra Vil Nouyòk la pou Mete fen ak Vyolans nan Kay ak ki baze sou Sèks Moun atravè Komisyon Egalite Sèks Vil Nouyòk la te kreye gid resous sa a an kolaborasyon ak Konsèy Konsiltatif pou Prevansyon Pèsekisyon nan Lari Vil Nouyòk la.

Dènye mizajou Jwen 2023. Tanpri ekri sou general@endgbv.nyc.gov pou poze kesyon oswa fè kòmantè sou gid sa a.